

Seex Muusaa Ka

# Jaaraama Maam Jaara



DROUSS.ORG

Seex Muusaa Ka

# Jaaraam Maam Jaara

© 1436 h / 2015 - [www.drouss.org](http://www.drouss.org)

Tous droits de reproduction réservés, sauf pour distribution gratuite sans rien modifier du texte.

Pour toutes questions, suggestions, ou erreurs, veuillez nous contacter par le biais de notre site internet :  
[www.drouss.org](http://www.drouss.org)

# Quelques indications

	Wolof	Français
<b>e</b> = é	per	pér
<b>u</b> = ou	rus	rous
<b>c</b> = th	caam	thiam
<b>ñ</b> = gn	ñam	gnam
<b>x</b> = kh	xol	khol
<b>j</b> = dj	jibi	djibi
<b>nj</b> = nd	njaay	ndiaye
<b>nd</b> = nd	nday	ndeye
<b>ŋ</b>	ŋaam	(machoire)
<b>ë</b> = eu	gëm =	geum
<b>é</b> = è (plus dur) = ré		perdu
<b>ó</b> = au	góor	gaure
<b>q</b> = xx	suqali	soukh khali
<b>ii</b> - uu - oo - aa ee (tirer sur le son) ; Ex : biir - suur -xool - gaal - xeer		

## Aperçu sur l'auteur



Poète et disciple de Seex Ahmadu Bàmba, Seex Muusaa Kâ fut l'un des plus grands historiens qui aient traité et commenté la vie du Cheikh.

Seex Muusaa Kâ, fils de Usmaan et de Absatu Sekk, est né à Ndilki près de Mbàkke Bawal vers 1890. Il fit ses études coraniques d'abord après de son père. Ensuite celui-ci le confia à Ahmadu Bàmba qui, de retour de l'exil en Mauritanie, le garda dans sa cour de Ceyéen (au Jolof) où il fut en résidence surveillée de (1907 à 1912), puis à Diourbel à partir de 1912. Atteint de variole, il dut renoncer à son intention de faire des voyages d'études à travers le pays pour rester auprès de Seex Ibrahima Faal qui lui donna une solide formation religieuse.

Excellent calligraphe, il entra dans le foyer d'études appelé Daaray Kaamil chargé uniquement de lire et de transcrire le Coran en plusieurs exemplaires. Promu "*cheikh*" par Xaadimu Rasuul, il alla s'installer à Saaté à trois kilomètres de Mbakké pour enseigner le Coran...

Dès la disparition de Seex Bàmba en 1927, il se fit le compagnon de Seex Mustafaa Mbàkke, son fils, premier khalife des murids, qu'il suivait dans ses déplacements à travers le pays...

Fin lettré, il a commencé du vivant de Seex Ahmadu Bàmba à composer des poèmes en langue arabe. Il les montra à son maître qui, souriant après lecture des textes, lui dit en wolof : «*Muusaa, leeralal féré yi mbir mi*», en substance «*Muusaa, explique le message aux adeptes*» ... Muusaa, en murid discipliné, comprit, par l'injonction du marabout, qu'il fallait s'exprimer dans la langue wolof pour atteindre la grande masse de disciple qui ne parlaient pas arabe...

Seex Muusaa Ka est un érudit. Il maîtrise aussi bien les textes sacrés, les paroles et les faits du Prophète *Anleyhi-s-salaatu wa salaam* (la sunna), que l'oeuvre de son maître et guide spirituel Xaadimu Rasuul. C'est ce qui lui permet de se mouvoir aisément dans son domaine de prédilection et de varier à volonté son style, ses thèmes, la métrique de ses vers, inspirés certes de la qasida arabe mais dont le rythme reste purement nègre...

Il a de nombreux sobriquets : Njamé, Wérékaanu Bàmba, Xaadimul Xadiim, Géwél u Bàmba. Certains de ses vers rétablissent correctement les liens de parenté qui le lient à Bàmba. Mais, lui, a toujours souhaité rester son chantre, car pour les murids, il importe moins d'être un proche parent du Cheikh que d'être son fidèle taalibé.

Voilà Sëriñ Muusaa Ka brièvement présenté. On ne peut le connaître réellement qu'en lisant la totalité de son oeuvre monumentale estimée à plus de vingt mille (20.000) versets...

**Ses Ouvrages :** Ndiouth Ndiath ; Yërmande ; Taxmiss bob wolofal ; Muqadimaat ; Xarnu bi ; Su ngeen ma degloo ; May dagaan ; Boroomam ; Jigéen u Mbàkke-Mbàkke ; Jaaramaa Maam Jaara ; Soxna Jaara ; Barsan ; Jazâ'u Sakóor u Géej gi ; Jazâ'u Sakóor u Jéeri ji ; Sa pack bi ; Ci barke Bàmba ; Ma yeesal (Xadi Sill) ; Ndenkaani buy royu góor ; Yalla yi teqqalikook yu suufe yi ; Marsiyya Seex Ibra Faal ; Sopp Ahmadul Mbàkkii ; Maggal yi ; Ndaama day yuqeelu (Matlabul aajaati) ; Mustafa Mbàkke ; Na jéema buurati...

***Bismi-l-laahi-r-Rahmàni-r-Rahìmi***  
***Wa sallalaahu Tahanlaa anla Seyidina wa mawlaanaa***  
***Muhammadin wa aalihi wa sahbihii wa xayra xadiimihii wa***  
***sallama tasliiman***

Xerawlu leen nu sant Soxna Jaara  
Ngir moo nu may li tax nu sampi daara

Bu leen ma tanqamlu, bu leen ma tanqal  
Bu leen nëxal ndoxum ki leen di tànqal

Cellantu leen te wubbi séeni noppu  
Ak séen xol ma wubbi séeni boppu

Te génne séeni wagaani xol te taataan  
Maam Jaara waame la ku naanul yaa bon

Taw na Bawal<sup>(1)</sup> tawna Kajoor ak Njàmbur  
Ba walangaan ku mar ëlek doob jàmbur

Waaloo ngi wal-wali di gental Waalo  
Ngir naani ci géejuk doomi Asta Waalo

---

1 dées nakoo bindee yit “Bawal’

Jaaraama Maam Astu ma feeru Naawel  
Sa géej gi neex na waaju naan si far wél

Jaaraama Maam Jaara ma feeru Poroxaan  
Naxoo dayoo noo ngi dētēm bay coroxaan

Gannàr dētēm nañu ba naan ba mandi  
Yaay bambulaan sam ndox xajul ci xandi

Ñëppa gi moss sab liggéey ba Saalum  
Fuuta futtiku nañu sagan ne maalum

Yaw sa añub liggéey bii dém na penku  
Dem soow baarakalla lii duk faggu

Yekkal nga waa géej gi yekkal waa jéeri  
Ba ñëpp géejal yaw bayo fu jooré

Beykat nga bey nga beyooy dendi  
Jigeen ñi booyal yaw nga bay ba Ndindi

Jigeen ña soxla lañu yaa doon Soxna  
Ndaanaan nga wub nga làambi doomi soxna



Moo tax jigeen ñi séeni doom ne méng  
Di réera kay feeñ yaw sa doom ne féng

Moo tax jigeen ñëpp séeni doom diy xaadam  
Di gont a kay xëy yaw sa doom dib yaaram

Yaa tax jigeen ñëpp séeni doom seex  
Bu dul konak yaw noo ngi damm bay soox

Tekkalelaak jigeen ñi Buso Baali  
Xawna araam mel na ni Yallaak yaali

**Di tudd séeni doom di tudd Bàmba  
Araam na ngir moom rekka àttan yen ba**

Yaw yaa di Buso Baali ñàkko cangaay  
Naka nga jóg sàngg nu jox nu ay gaay

Yaa tax jigeen ñiy lamasoo ay mëlfa  
Nuy soli xawsa fu nu sóob nu jël fa

Jigeen ñi dañ daa gaardi woddooy soppi  
Góor ñi di biiñoy baxañooy roof roppi

Yaa suturaal awra yi dindi jooté  
Mbàkkeé ngi mel ni Ndar Ja baa ngay jooti

La am fa getti Ndar te am Sindoodi  
Yóot nga ko waa Tuubaak Gédéek Tindoodi

Jaaraama Maam Jaara ku am jaaraama  
Yaa ko waral sa dooma rëy karaama

Jaaraama Maam Jaara ku am Màqaama  
Yaa ko waral kerook bisub qiyaama

Jaaraama Maam Jaara ku am ay xarbaax  
Yaa ko waral sa dooma feeñalug baax

Jaaraama Maam Jaara kuy faj aajo  
Yaa ko waral sa dooma féj sunu aajo

Jaaraama Maam Jaara ku am hidaaya  
Yaa ko waral sa dooma am wilaaya

Jaaraama Maam Jaara ku am téy junni  
Yaa ko waral sa dooma jommal jinné

Jaaraama Maam Jaara sa xarful **jiimi**<sup>(2)</sup>  
Joxnala jikko yu rafét yu yéeme

Jub nga jubal nga japp yaw téy julli  
Téy jangg téy joxé ba leer ya jolli

Té jikko yii may bégga lim amoo leen  
Jigeen ñu bon ñako amoon yaroo leen

Daawu la jéw doo janni daawu la jayi  
Doo jayu doo jaayooka jaaya ki jayi

Yaa sóobu yoonu Jannatu Nahiimi  
Kula royul dém Jaanamaak Jahiimi

Sa **ra**<sup>(3)</sup> gi tax na ba ragal nga Yàlla  
Rafét rafét njortu té xam nga yilla

Réewoo rëyoo réeroo nenea la daali  
Doo rummi doo rambaajé Buso Baali

Amoon nga faayda amoon nga fulla  
Té amu fit am fit ba Yalla fal la

2 *jiimu Jaara (la lettre jiim de Jaara)*

3 *raawu Jaara (la lettre ra de Jaara)*

Gore nga am nga kersa am nga karaama  
Am nga ngërëm yaw yaay boroom Màqaama

Amoo kañaan goreediwoo naam Baali  
Doo dox di kekkantook a kiitu-aale

Ma wax say jikko misaal yu tuuti  
Laaj leen ko maami Soxna Faati Tuuti

Maam Sàmba Mariaama ma daa raw cim léf  
*Hamdane li mane Jahànla* moo ko taalif

Noon na bagaan ga woon fa Soxna Jaara  
Mooy réerukaayub bépp dongo daara

Mbandam ma musla dey te dañ daa rootaan  
Mooy naanukaayab gaaya dañ koy seetaan

Masula siis masul dox di boddé  
Masul di wex-wexlooka dox di gëddé

Daawul weranteeka xuloo ni njëldi  
Moo tax selanjul jur nga kuuy jur mbaldi

Kuy laa di Maam Sëriñ Mammarmoom Jaara  
Mbaldee di Daam du gentu weñ mooy baara

Da nga lewat ñémék njaboot nib sardi  
Moo tax nga jur jambaar ju mel ni gayndé

Daawo di songanteeka dox di daané  
Ak di defanté tax na am nga waané

Wàcc nga jaajëf ya selanlu Buso  
Yaa tax ba nuy seeral gurook a buusu

Feerul ci àjjana ni xuurul hiini  
Naaley muriitu yaak sa doom lil hiini

Moo tax ñu naa la Jaaratul Ilaahi  
Mariaama mooy sa tur wu mag billaahi

Ummu xaliifatu-r-rasuulullaahi  
Muhammadin waladi Abdillaahi

Ummu imaamu awliyaa'i-l-laahi  
Am nga màqaamatu rijaalillaahi

Am nga lu kenn amul fi nun billaahi  
Maam Jaara n l al hamdulil Ilaahi

Mariaama fuqti muuqinaatillaahi  
Sa dooma raw kuy jang Bismillaahi

Mo donnu Ahmadu Habiibullaahi  
Mo masa jis Amiinu wahyillaahi

Yaay turand om Mariaama ummu iisaa  
Sayidatu-n-nisaa'i raw nga sii saa

Moo donnu iisaa ma di Ruuhulaahi  
Moo di donuy Muusaa Kalaamullaahi

Mo donnu Ibra may Xaliilullaahi  
Moo donnu Aadama Safiiyyullaahi

Tuubaa liman tabihahu lillaahi  
Waylun liman ankarahum billaahi

Laņu joxoon Muhammadul Makiyyu  
Mi ngi ņu jox Muhammadul Mbakiyyu

Marxaba ummu Ahmadul Mbakiyyu  
Waarisu diini Ahmadul Makiyyu

Marxaba ummu Ahmadal Xadiimi  
Xaliili zi-l-Buraaqi wa-l-Xayzuumu

Marxaba uhtu Ahmadul Mbusóobi  
Ku masa wër tataam né tuubi ruubi

Tatay dojak wéñ la defoon fa Naawel  
Sanjeemsa sa mas ta toj té duñ ko ñaawal

Museefu ko sóoru ci réewum Saalum  
Ci sox yu takk mbaa këyit fulaa yam

Yaa baaxu tur Buso té baaxu askan  
Yàgg nañoo siyaare gën ji Yonnen

Yaa rafétab juddu té baaxi waajur  
Ku xéncu séy saddiit du jis ludul ngor

Maam yaa nga gaddaayé Gédéeki Tooro  
Diinéeek goré leen tere jubook Lamtooro

Museefuleena jiitu cik wilaaya  
Mbaa al Quraan mbaa xam-xamub diraaya

Daawu ñu puukare mbirum waliyyu  
Ngir ay Shariif lañ ñooy donuy Aliyyu

Bàmbaa ni ma liy samandaay ab jant  
Fénk ci maam mañ tuddé Mammār Anta

Leer gi bawo Mbusóobe suuxi Mbàkke  
Royaat ca askan wa di Mbàkke-Mbàkke

Jant ba fénk na lëndam ga daay na  
Bideew suux nañ suuxileen mbër feeñ na

Shamsu Shumuusi doomi jantak weer nga  
Yaw jarulaa misaal ndé fës nga leer nga

Tambeel ba reeroon ca cosaan ñu di ko jeex  
Feeñ na fa Mbàkke leegi ñëpp di fa seex

Shayxu Shuyuuxi yaa di seexub seex yi  
Badrul buduuri yaa di weeru weer yi



Xunmu faqiiri yaa di saqqum ndóol yi  
Siitu haqiiri darajaal nga gool yi

Ummul masaakiini dexuk miskiin yi  
Abuul yataamaa yaay kenul jirim yi

Ma naa ko Mbàkke yaay Shamsu-d-diini  
Leeral nga Njàmburak Bawal ak Siini

Siggil nga callalak Habiibullaahi  
Maam Balla Aysa weeru gën wallaahi

Yaa tax ba kepp ku sètoo ci Mbàkke  
Bu né juneet Yàlla tofal ko barke

Waa Mbàkke Saañàŋkaaki Mbàkke Baari  
Leeral nga leen ñëppa ngi dox di waare

Defar nga say bokku defar aw jàmbur  
Defar Bawal defar Kajoor ak Njàmbur

Ña daa falook ña doon woroomi daara  
Amuñu woon ku mel ni doomi Jaara